

Umwana w' Iclangazi

- 11st story -



68Page

Uwuvuga Habaye mu gisagara gito umugabo yarafise abahungu. Uwo mugabo yaratonesha abo bana biwe bose. Umuhungu mukuru yarubaha cane se ariko murumunawe ntiyashoboka yakunda gukina. Hanyuma umusi umwe, wa muhungu mutoyi ashaka kwangara kure ngo agende kwimenya kugira ngo azokore ivyo ashaka vyose.

Umuhungu mutoyi Data, mpa umugabane wanjye notoranye ubu nyene! nshaka kuva muhira ngende kwimenya!

Se Iki? Mwananje Isi iragoye kubako. None ntiwosubiza akenge inyuma?

Umuhungu mutoyi Data si nkiri umwana na gato! Ndakuze ndashoboye neza kwibeshaho!

Uwuvuga Naho Se yababajwe n'uko umuhungu wiwe avuye muhira, yaremeye agabanganya amungu yiwe hagati yabahungu biwe babiri hanyuma umuhungu mutoyi aronka umugabane wiwe nk'uko yabishatse.

Uwuvuga Bidatevye umuhungu mutoyi ava mu nzu ya Se n'umugabane wiwe aragenda. Aca yigira mu gisagara kinini, aho yirirwa yiryohererwa, aya ivyo ashatse, akora ivyo ashatse kandi agura ivyo ashatse vyose.


Umuhungu mutoyi Ibi birahimbaye! Ndashobora gukora ivyo nshatse vyose, iyo mva mu nzu ya Data hakiri kare!

Uwuvuga Uko bugorovye, umuhungu mutoyi yakoranye abagenzi bashasha bakarya ivyokurya bizimvye bakanywa vino izimvye; hanyuma agura impuzu n'imigufu bicika akambara nk'umwana w'umwami. Ariko vyagaragara ko ariko arasesagura ubutunzi bwiwe mu buryo budasanzwe.

Uwuvuga Amahera amaze kumushirana, abagenzi biwe baca baramuta. Asigara ata n'imoya afise ari wenyene, umuhungu mutoyi abona ko agiye kwicwa n'inzara, agenda kurondera akazi. Umukoresha aramubwira:



69Page



70Page



71Page



72Page



73Page

Shebuja Ewe nyaruka, utegerezwa gukuburira ingurube kandi uziga-burire, nyaruka , himbagura, himbagura!

Umuhungu mutoyi Aah~~ikigoyi kiranyishe! Icompa nkafungura nkahaga ivyo vyo kurya vy'ingurube. (Ahemagirika).

Uwuvuga Umuhungu mutoyi arata ivyizigiro muri uwo mwanya yibuka Se, akumbura gusubira kubona Se.

Umuhungu mutoyi Data yama ankunda uku bimeza kose. Mbega ni bangahe mu bashumba ba Data barya bagasigaza, ariko hano ndiko nicwa na kigoyi. Ibi ntibishobora kubandanya! Nzoja mu rugo kwa Data ndamusabe imbabazi, hanyuma ndamusabe apfume amfata nk'umwe mu bashumba biwe.

Uwuvuga Ni uko wa muhungu mutoya aratahuka. Ariko uko yegereza ku nzu kwa Se niko yahagarika umutima akagira ubwoba.

Umuhungu mutoyi Mbega hamwe Data atoshaka kumbabarira narononye ubu-tunzi bwiwe bwose none raba ngarutse nk'umusezi none sinotangara hamwe yoreka kumbabarira. None nzoca nkora iki? (ahemagirika ahemagirika)

Uwuvuga Wa muhungu mutoya agenda arira atumbera inzu ya se. Ariko akiri kure , Se wiwe yama ahagaze mu muryango aramubona. Se yama arindiriye buri munsu ko uwo muhungu mutoyi wi-weyagiye yogaruka. Abonye umuhungu wiwe mutoyi Se wiwe ariruka aramuhobera aramusanganira.

Umuhungu mutoya Data naracumuye cane sinkikwiriye kwitwa umuhungu wawe ndakwinginze umfate nk'umushumba wawe.

Se Muhungu wanje nkunda yaco uba igipfamutima . Naguma ndakurindiriye buri munsu naragukunda igihe wagenda, ukava mu nzu yanje ujane ubutunzi kandi nubu uracari umuhungu wanje nkunda.

Uwuvuga Se atumako abasuku biwe.

Se Nyarutsa! Zana ya kanzu nziza cane muyambike umuhungu wanje, mu mwambike impeta ku rutoke n' inkweto ku birenge, mwabire impfizi inuze muyibage, duheze tuje mu munsu mukuru twigine!

Uwuvuga **Se agira umunsi mukuru ukomeye hanyuma anezerewa igaruka ry'umwana wiwe hanyuma wa muhungu mutoyi atahura urukundo ntangere rwa se.**